ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ТЫГЪАЛЪ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№248 (21.156) ● 2007 гъэм дыгъэгъаэм (декабрым) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсенрэ Рапотэ Георгийрэ гъунапкъэхъуэмэхэм я хьэщІэщ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу

къэрал гъунапкъэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым зыхуей щыхуагъаз

УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэ Рапотэ Георгий лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балькъэрым къэкІуащ. Республикэр кьыщыізхиКІухьым абы щыгъуащ КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ Ставрополь, Владикавказ щыналъхэм я чристэнхэм я Іэтащхьэ Феофанрэ.

РАПОТЭ Георгий псом япэу щыІащ «Бахьсэн Ипщэ» гъунапкъэхъуэмэ Іэнатіэм. Абы гъунапкъэр зыхъумэ зауэлІхэмрэ дзэ кьыщыкъущІэхэм я унагъуэхэмрэ я псэукІэм щыгъуазэ зищІащ. Полномочнэ лЫкІуэм кьыхуаІуэтащ гъунапкъэхъумэ заставэхэр хэхаУэ зытелажьэхэр, абыхэм я техническэ зэфІэкІхэр зыхуэдэр. Урысейм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъум и гъунапкъэхъумэ управленэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІ **Лисинский Николай** зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм хиубдэ гъунапкъэхъумэ заставэу 6-р иджыпсрей техникэмкІэ, гъунапкъэм зэрыкІэлыплЪ ІэмэпсымэхэмкІэ, Іэщэ-фащэхэмкІэ кьыізэрагъэпэщ.

УФ-м и полномочнэ лЫкІуэм Кьанокъуэ Арсен щыгъуэу апхуэдэу Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщиплъыхьащ. Ар щІэуэ яукъуэдия «Азау - Старый Кругозор» кІапсэ гъуэгумкІэ метр миницым щІигъукІэ бгым дэкІащ. Іуащхьэмахуэ лъапэ кьызэхикІухьа нэужь Рапотэ Георгий кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балькъэрым и бгылъыжэ курортхэр Европэм щыІэхэм кьаззрыкІэрымыхур, Къэбэрдей-Балькъэрыр Италием, Франджым, Австриемрэ Швейцариэм я зыгъэпсэхупІэхэм зэрапеуэфынур. Полномочнэ лЫкІуэм кьыхигъэщащ мыпхуэдэ щІыпІэ хьэлэмэт зэи ялэкІэ зэримылъэгъуар.

КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен абы и жэуапу жиІащ Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ бгы-лыжэ курортхэм щІэгъэхуабжьауэ зегъэужьыным республикэм и унафэщІхэм гулыпитэ хэха зэрыхуащІыр. Абы кьыхигъэщхьэхуІащ Іуащхьэмахуэ и ищхъэрэ джабэр зэІуэпэщ щІыным хуэунэтІа лэжьыгъэхэм дызыхуэкІуэ иІьэсым и гъатхэпэ маэзм зэрыщІадзэнур: «Абы елэжьыну управляющэ компаниер ягъэбелджылащ, устав мылькур зэхалъхьащ. Абы нэмыщІ Азау, Чегет комплекснэм я инфраструктурэм зегъэужьыным «Урысей Ипщэ» программэм ипкь иткІэ 2008 гъэм къриубыдэу псом меларди 6,9-рэ хухахынущ. Сом мелуан 200 трагъэкІуэдэнущ Кисловодск кьыщегъэжьаеу Нартсанэ Аузым нэс кьаКІуэ гъуэгур щІыным. А щІыкІэм тету лъэныкъуитІри зэдэууэ елэжьынущ мы щІыналъэм нэхьри зегъэужьыным. Абы и лъэныкъуэкІэ Краснодар крайм хьхьэ Краснэ Полянэ, Осетие Ищхъэрэм щыщ Мамисон, Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэ Домбей курортхэм даззрыпеуэнум псоми я сэбэн хэлъынущ. Дэ абыхэм кІуэ туристхэр дгъэмащІэу ягъэ ди деж кьетшэлІэну кьыізэрыдэтхьэхынум дыхущІэкъунукъым. Гурист инфраструктурэм зегъэужьыным дэ псори нэхь быдзу дызэкьуигъэувэнущ, псоми я зэхуэдэ сэбэпми телэжьынущ. Урысейм и щІыхуэм яхуэтщІэну щыІэ Іуэхутхьбзэхэр кьыдэлыжу псоми дрикъунущ. Рапотэ Георгий зэрыжиІащи, лэжьыгъэкІэ дэ дызыпеуэн хуейр Европэм и курортхэрщ».

Налшык кьагъэзэжа нэужь Рапотэ Георгий, Кьанокъуэ Арсен, чристэнхэм я Іэтащхьэ Феофан сымэ хэтащ УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъум и гъунапкъэхъумэ Іэнатіэм КЪБР-м щІым и лэжьапІэ унэр кьызэрызІуахым теухуа гуфІэгъуэм. Гъунапкъэхъумэхэм я пащхьэ кьыщыщыпсалъэм полномочнэ лЫкІуэм жиІащ ахэр а махуэм зэпльа заставэ псори техникэ и лъэныкъуэкІэ нэсу кьызэрызэгъэпэщар, дзэ кьулыкъущІэхэм я кьалэнхэр тэмэму ирахьэкІын папщІэ ар сэбэпышхуэ зэрыхъур: «Къэрал гъунапкъэхэм хабзэр кьыщызэпаудауэ кьыщІагъэщхэр, нэгъабэ елъытауэ хуэдитхукІэ нэхьыбэ хьуащ. УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъум и гъунапкъэхъумэ Іуэхущапіэу КЪБР-м щыІэм и лэжьапІэ унэр кьызэІуэхынымкІэ зэфІэгъэкІа мэхъу дунейпсо терроризмэмебэныным, къэралым шынагъуэншагъэ кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ Урысейм и Президентым кьизгъуэва пщэрыльхэр республикэм щыгъэзэщІэнныр. Мы унэр апхуэдэу псынщІэу зэрызэфІагъэхьар зи фІыщІэр республикэм и унафэщІхэрщ, ахэр ухуакІуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрадэІэпыкъуарщ. Абы кьыдэкІуэу ухуакІуэхэм я фІыщІэри бгъэкІуэд хьунукъым. Абыхэм зэман кІэщІ дыдэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэкІар, къэгъэльэгъуапхъэщ.

КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен гуфІэгъуэ зэІуэщІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ къэрал гъунапкъэхэр зыхуей псомкІи кьызэрызэпэщынымкІэ лэжьыгъэхэр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу Къэбэрдей-Балькъэрым зэрыщызэфІагъэкІам: «Республикэм и унафэщІхэм, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым я щІэкІэ сынныбохьуэхьу апхуэдэ Іуэхуфіымрэ нобэрей гуфІэгъуэр зытеухуа Іуэхукмкі. Ищхьэкіэ кьыщыдгъэльэгъуа лэжьыгъэ псомкІи фІыщІэ ин бгъэдэлъщ гъунапкъэхъумэ дзэхэм я командованэм».

КЪБР-м и Іэтащхьэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щыхь тхьылъыр Урысеймэ ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъум и гъунапкъэхъумэ управленэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІ генерал-полковник Лисинский Николай иритащ. Апхуэдэу гъунапкъэхъумэ Іуэхущапіэм абы тыгъэ хуищІащ ди кьуршхэр кьыщыгъэльэгъуа суэрэтыр.

Москва щыналъэм, Урысей псом я чристэнхэм я Іэтащхьэ Алексий ЕтІуанэм и цІыкІэ Кьанокъуэ Арсен «республикэр егъэфІэкІуэным и псэр етауэ зерелэжьым папщІэ» урысей православнэ члисэм и дамыгъэ нэхьыщхьэр - Радонежскэ Сергий щихьым и орденым и етІуанэ нагъыщэр, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей - а орденым дыдэм и ещанэ нагъыщэр, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ Томчак Юрий - Донской Дмитрий и орденым и ещанэ нагъыщэр Феофан яритащ.

Абы и ужькІэ хьэщІэхэм кьаплъыхьащ гуфІэгъуэр зращІэкІа унэщІэр. Ар щыуэ зэтетщ, лэжьапІэ пэшхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, спорт зал, нэщанэ еуапІэр хэтбыдэу. Нэщанэ еуапІэм деж Рапотэ Георгийрэ Кьанокъуэ Арсенрэ кьыщыізэтеуныІэри я щэрыуагъыр зыхуэдэм еплъыжащ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЩІалэгъуалэр трагъэгушхуэ

КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым деж Хьэрычэтыщ Іуэхухэмкіэ щыІэ советым и зэІущІэ.

«2007 - 2011 гъэхэм КЪБР-м хьэрычэт Іуэху мыиным зыщегъэужьынымрэ ар щыдэІыгъынымрэ» жыхуиІэ программэ хэхар гъэзэщІа зэрыкъум тепсэльыхьри, зэхуэсахэм зэхалъхьэжащ «2007 гъэм и бизнес гъэпсыкІэ нэхьыфІ» республикэ щІалэгъуалэ зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэм кьыриІуахэр. Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Алий** и пэублэ псалъэм и ужькІэ, зэхьыхьэм щызэпхъэзэрахащ зэхъэзэхуэм ягъэхьа проекту 13 икІи нэхьыфІу гъэхьэзыра хуауэ кьалъытахэр кьыщыхахащ.

ЗэІущІэм кьыщащтащ республикэм и Президентым деж хьэрычэтыщІэ Іуэхухэмкіэ щыІэ Советыр 2008 гъэм зэрылажьэну щыкІэр.

Зэхьихьэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**, Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, республикэм и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Кьэжэр Альберт**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу ЮФО-м щыІэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балькъэрымкіэ и федеральнэ инспектор нэхьыщхьэ **Меркулов Александр**, министрхэр, кьалэн, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, «2007 гъэм и бизнес гъэпсыкІэ нэхьыфІ» республикэ зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэм зи проектхэр езыгъэхьа щІалэгъуалэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Советым и лэжьыгъэр зэхалъхьэж

Дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ КЪБР-м и Президентым деж Іьэпкъ проектхэмрэ демографие политикэмрэ гъэзэщІа зэрыхъум кІэлъыплъу щыІэ Советым и зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс,** КЪБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэ **Ярин Андрей,** УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу ЮФО-м щыІэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балькъэрымкіэ и федеральнэ инспектор нэхьыщхьэ **Меркулов Александр** сымэ.

ЗэІущІэм Іуэхугъуиплъым щыхэплъащ, «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектым и гугъу щащІым, КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и министр **Ерчэн Тембулэт** тепсэлъыхьащ Іэщ гъэхъуным щІэгъэпсыкІащІуэу зегъэужьыным хуэунэтІауэ лэжьыпхъэхэм. Ипотекэ псэупІэ кредитым зегъэужьыным икІи унагъуэщІэхэр, апхуэдэуи Іэщ Іагъэлъ І ныбжьыщІэхэр къуажэм псэупІэкІэ кьыщызэгъэпэщыным ехьэлІауэ, апхуэдэуи муниципальнэ щІыналъэхэм ящІхэр кьызэрызэгъэпэщыным гъэхэр зэрыщІагъэкІуэкІ хабзэхэр зэхэлъхьэным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я гугъу ищІащ КЪБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министр **Афэщ Іагъуэ Михаил.**

Советым хэтхэм 2008 гъэм зэрылэжьну планым и проектыр кьащтащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Промышленность

Илъэсыщ Іэ - къалэныщ Іэ

Нобэрей Іуэху зэхущытыкІэхэм сыткІи зыхэзыгъэзэгъа Май куейм и «Севкаврентген» акционер зэгухьэныгъэм и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ «Узынщагъэ» лъэпкъ проектыр гъэлэжьэным.

ПРЕДПРИЯТЭМ кьыщІиУгьэкІым и нэхьыбэр Москва и медицинэ Іуэхущапіэхэм ирагъашэ. Учфэщ Іхэм зэрыжаІэмкІэ, ахэр кьащцыхэмыарэзырэ лэжьыгъэр кьыщыізтеувыІэрэ кьэхъуакъым. Абыкіэ фІыщІэ зыхуэщІыпхьэр мы заводым и лэжьакІуэфІхэрщ.

«Севкаврентген» АО-м щылэжьэну уэрэд ныбжьыщІэхэр нэхъыбэу щрагъаджэр Прохладнэ кьалэм дэт, нобэ щІэупщІэщхуэ зиІэ токарь, слесарь Іэщ Іагъэхэр щрат училищэрщ. АдэкІэ зи щІэныгъэм хэзыгъэхъуэну хуейхэри заводыр ядэІэпыкъуурэ ирагъаджэ. Мыбы щылажьэхэм куэду яхэтщ ПТУ нэхъыбэм инженер, технолог, финансист ІэщІагъэхэр зэзыгъэгъэтыжахэр.

Дызытехьэ 2008 гъэм «Севкаврентген» АО-м «Узынщагъэ» лъэпкъ проектым ехьэлІа къалэныщІэхэри зыхуигъэувыжащ: «Антиград», «Арфа» медицинэ Іэмэпсымэщ Іэхэр кьыщІагъэкІыу ахэр ягъэуэнэхуну я мурадщ. УнафэщІхэм шэч кьытрахьэркьым зэман куэд лъандэрэ зэзэдыр зы Іуэхум зэрыхуэлажьэм кьыпкъуа зэфІэкІымрэ лъабжьэ быдэмрэ я фІыгъэкІэ зэгурыІуэныгъэ кьезыщІыпІэ заказчикхэм я бжьыгъэм ильэсыщІэм зэрыкъхьэнум.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

Іэщ гъэхъуным хозяйствэхэр, щІыхуэхэр трагъэгушхуэжьын папщІэ Къэбэрдей-Балькъэрым мы ильэсым къриубыдэу кредит щІыхуэзу сом мелардрэ ныкъуэрэ гъэхъуным я къараным хуащІ. Абыкіэ кьащхьэхуащ Іэщыщхуэзу мин 18-м нэс.

ЛЪЭПКЪ проектыр иджыпсту нэхъыфІу щІалажьэу къалъытэр Шэджэм районырщ. Мыбы щыІэщ мэкъумащІыщІэ фермер хозяйствэхэу пщІы бжьыгъэхэр. Абыхэм ящыщ зыщ АфІэунэ Мусхьэмэдэ зи унафэщІ «Агромост» акционер зэгухьэныгъэр. Иджыпсту хозяйствэм иІэщ жэм кьаШу 130-рэ. Дызытехьэ 2008 гъэм абы и бжьыгъэр 300-м нагъэсыну я мурадщ. «Кэздщ нэгъэщІ республикэхэм гъэшхэкІхэр ноитІу дызэрекІуэкІар. Адэкіэ дэ ёзым ди щхьэ хэсрычэт зэрыхуэтщІэжьыным дыхэтын хуейщ. Дэтхэнэ зы хозяйствэми зыкъыжьыжьу лъэ быдэкІэ увыжьынымкІэ сэбэпышхуэ кьыітхуэхъу кьэрал щІыхуэр адэкІи кьэгъэсэбэпышхэщ», жеІэ Мухьэмэд.

«Агромост» АО-м и Іэщым щІымахуэр кьызыхуэтынщэу ирихьнымкІи гуныкъуэгъуэ зэпсэкІ иІэкьым: хозяйствэм ильэсыщІэм 200-м Іусыпхъэу зыхуеину псор кьытрех. Дызытехьэ ильэсыщІэм Іэщыхъуэхэм я мурадщ Лашынкъей кьуажэм пэмыжьыжьу иджыри зы Іэщ фермэ щаухуэну. Мы Іуэхухэмкіэ куей администрацэр кьадэІэпыкьунущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.
Шэджэм куей.

● Лъэпкъ проект

Лъэ быдэ

Лъэ быдэкІэ увыжьынымкІэ сэбэпышхуэ кьытхуэхъу кьэрал щІыхуэр адэкІи кьэгъэсэбэпышхэщ», жеІэ Мухьэмэд.

«Агромост» АО-м и Іэщым щІымахуэр кьызыхуэтынщэу ирихьнымкІи гуныкъуэгъуэ лъэпкъ иІэкьым: хозяйствэм ильэсыщІэм 200-м Іусыпхъэу зыхуеину псор кьытрех. Дызытехьэ ильэсыщІэм Іэщыхъуэхэм я мурадщ Лашынкъей кьуажэм пэмыжьыжьу иджыри зы Іэщ фермэ щаухуэну. Мы Іуэхухэмкіэ куей администрацэр кьадэІэпыкьунущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.
Шэджэм куей.

Лъэпкъ Іуэщ Іэр:

ЦІыхуфІ и Іэнэ хъэзырщ.

● Псапащ Іэ Іуэху

Къанокъуэ ФатІимэ и гулъытэ

Къанокъуэ ФатІимэ интернатым щыІэ сабийхэм Ильэсыщ Іэмкіэ йохьуэхьу.

Хабзэ хьуауэ. Ильэсыщ Іэм ирихьэлІэу КЪБР-м и Президентым и щхьэгъусэ Къанокъуэ ФатІимэ сабийхэмрэ жьы хъуахэмрэ яхуэгъэза псапащ Іэ Іуэхуэхэр республикэм щрегъэкІуэкІ.

АПХУЭДЭУ ар дыгъуасэ щыІащ зи зыужьыкІэкІэ адрейхэм кьакІэрэхьу ныбжьыщІэхэр щапІ интернатымрэ жьы хъуахэр, ныкъуэдыкъуэхэр щыпсэу унэмрэ. Абы и гъусащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Дышэкі Мадинэ,** лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт,** щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ министр **Тут Заур**,абы и къуэдзэ **Карчаевэ Аминэ** сымэ.

Президентым и щхьэгъусэр яхуеблэгъащ сабий интернатым. Екіуу гъэщІэрэщІа псеир зыщІэт пэшым сабийхэм кьащыпэплъэрт Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ, тауры ныхъхэм хэт ныхъжьхэр. Абыхэм я гъусэу щыкІуэкІэ къэфащ, джэгуащ, уэрэд жаІащ, усэ кьеджащ.

Къанокъуэ ФатІимэ сабийхэм екъуэхъуэщащ гукъыдэжрэ дэрэжьгъуэрэ яІэу ильэсыщІэ зытехьэр ирахьэкІыну.

Адэкіэ сабийхэми интернатым и лэжьакІуэхэми псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** икІи щыкІуэхэм махуэшхуэ кьахуэзэзыгъэпсащ бзыльхъугъэми фІыщІэ хуищІащ.

Къанокъуэ ФатІимэ сабийхэм Іэфыкіэ, ныхъщхьэмыщхьэ, зэрыщджэгу ныхъщхьэ, апхуэдэуи интернатым щыІалъэ тыгъэ яхуищІащ.

Интернатым щыІэ щІыкІэхэм я махуэшхуэр ягъэдэхащ Нарткъалэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и «Дуней тельыджэ» сабий театрымрэ республикэм и Гуащэ театрым и артистхэмрэ.

А махуэм и пщыхьэщхьэм Къанокъуэ ФатІимэ щыІащ жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щыпсэуу Налшык дэт унэм. Іэфыкіэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ кьыдэкІуэу, дэтхэнэ зыми сауГъэт щхьэхуэхэр яхуищащ.

Зэйуэгъэ гукъинэж ящІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и артистІщэкъуэ Нэхущ Чэрим, Лосэн Тимур, «Кабардинка» ансамблым и кьэфакІуэхэу Къуэныкьуейхэр Иринэрэ Алимрэ, Текуев Амур, Тхьэгъэлэрж Светланэ, Хьэжырокъуэ Сультан сымэ.

Апхуэдэ гулъытэ кьыізэрыхуащІамкІэ, я деж щыпсэухэм я гукъыдэжьэр кьызэрэІэтамкІэ зыкъуеблэгъэхэм фІыщІэ яхуищІащ унэм и унафэщІ **Абазэ Сусаннэ.**

ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нэхущ Чэрим жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щыпсэуу Налшык дэт унэм уэрэд щыжеІэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэм, дыгъэгъазэм и 25-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ КъБР-м къэкІуауэ щытам, и щхьэгъусэм зэман кІэщІкІэ республикэм зыщрагъэлпІыхьащ Къанокъуэ Арсен и щхьэгъусэ ФатІимэрэ Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Дышэкі Мадинэрэ.

АХЭР ЩЫІАЩ Налшык щаухуэ 32-нэ школыщІэм, итІанэ Нартан къуажэм дэт сабий унэм кІуащ. Сабийхэр апхуэдэ хьэщІэшхуэхэр яхуэгъэгъуэрт, Іэнкъ-нагъ гуэри ядумылъагъуу абыхэм къаІущІащ, кьеІэсэлъащ, я зыгъэпсэхуГъэ зэманыр щагъакІуэ пэшым щІащащ.

Класс нэхьыжьхэм щеджэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ щаІущІам Къанокъуэ ФатІимэ жиІащ Нартан дэт сабий унэм ехьэлІауэ фІы куэд зэрызэхихар, ауэ илъэгъуахэр пэмыплъауэ гъэщІэгъуэн кьызэрыщыхъуар. Ратотэ Татьянэ жиІащ, сабийхэр я унагъуэ хамысыжми, абыхэм гъэсакІуэ гуапэхэр зэрабгъэдэтыр и фІыщ зэрыхъур, сабий унэм щІэгъэкъуэн хуэхъуну кьызэрыщІыхьар мымащІэу зэрыщыІэр. Ар сабийхэм ехьэхъуащ насыпыфІэ, я кьэкІуэнур дахэ хьуну. Сабийхэм хьэщІэхэм тыгъэ кьыхуащІащІ, езыхэм пхъэм кьыхащІыкІа хьэпшып цыкІуфэкІуэхэр, концерти ирагъэпІьащ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Рапотэ Татьянэ Нартан дэт сабий унэм щохьэщІэ

кІуэным пэмыплъами, Іэнкъ-нагъ гуэри ядумылъагъуу абыхэм къаІущІащ, кьеІэсэлъащ, я зыгъэпсэхуГъэ зэманыр щагъакІуэ пэшым щІащащ.

Класс нэхьыжьхэм щеджэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ щаІущІам Къанокъуэ ФатІимэ жиІащ Нартан дэт сабий унэм ехьэлІауэ фІы куэд зэрызэхихар, ауэ илъэгъуахэр пэмыплъауэ гъэщІэгъуэн кьызэрыщыхъуар. Ратотэ Татьянэ жиІащ, сабийхэр я унагъуэ хамысыжми, абыхэм гъэсакІуэ гуапэхэр зэрабгъэдэтыр и фІыщ зэрыхъур, сабий унэм щІэгъэкъуэн хуэхъуну кьызэрыщІыхьар. Ар сабийхэм ехьэхъуащ насыпыфІэ, я кьэкІуэнур дахэ хьуну. Сабийхэм хьэщІэхэм тыгъэ кьыхуащІащІ, езыхэм пхъэм кьыхащІыкІа хьэпшып цыкІуфэкІуэхэр, концерти ирагъэпІьащ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ДУНЕЙМ И ТЕЛЬЫДЖЭ

Іэмалыщ Іэ

Щымахуэ зэманым Байкал и мылыр яугъэзнурэ; блэзжьей щощэ щІыхуищ бжыгъэхэр.

Абы щыгъуэми гъэ кІэс автомобиль 40-м нэс мылым пхоху, мыл пыкъутыкІам щІыху куэд кьытоІэ. Бдзэжьеящэхэр сакъын зэрыхуейм егупсысхэркьым. Абыхэм кьагуроІуэ гузэвэгъуэ кьалысмэ, фІэкІыпІэ имыІэу кьызэрырагъэлынур, ар къэралым и кьалэнуи кьалытэ. Иджы властхэм бдзэжьеящэхэм зэрапэщІэтыну Іэмал кьагъуэта хуэдэщ. Флот щІыкІу кьызэрагъэпэщащ и катерхэм мылхэр якьутэ, гуэлым щІыхуэхэр темыхьэфын хуэдэу.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ **Урысей Федерацэм и къегъэлакІуэм и махуэщ (1995).**

◆ Мы махуэм (1979) Афганистан Демократие Республикэм и лъэІуКІэ а къэралым и щІыналъэм ирапащэу щытащ советыдзэхэм ящыщ зауэлІ гуп пыухыкІа. Илъэсэ 10 иримыкъум Афганистаным щыІащ совет дзэ кьулыкъущІэхэу мелуаным щІигъу. Я интернационал кьалэныр ягъэзащІэу сэлэту, офицеру мин 15 хэкІуэдащ.

◆КНДР-м щагъэлъапІэ Конституцэм и махуэр.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) СССР-м паспорт хабзэр щагъуэваш.

◆ Илъэс 95-рэ и пэкІэ (1912 гъэм дыгъэгъазэм и 27 - 31-хэм) Петербург щекІуэкІащ Сабий дохутыхэм я яп урысейпсо съездыр.

◆ 1945 гъэм кьызэрагъэпэщащ Дунейпсо валютэ фондымрэ (МВФ) Реконструкцэмрэ зыужьынигъэмрэ я дунейпсо банкымрэ (МБРР).

◆ Литературэ критик, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ХьэкІущІэ Андрей кьыщалъхуа махуэщ (1929).

◆ СССР-м, РСФСР-м самбэ, дзюдо бэнжкІэхэмкІэ щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, педагог щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик Къуэблэ Ёкъуф щыщалъхуа махуэщ (1939).

◆Актер, КъШР-м щыІэ зиІэ и артист Къэжэр Борис кьыщалъхуа махуэщ (1947).

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-р дакьикъ 42-м, кьуэхьжьнуи сыхьэт 16-р дакьикъ 35-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-р дакьикъ 53-р.**

ПІалюпэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Илъэсыщ Іэ тыгъэхэр

Дыгъуасэ «Прогресс» хьэлъэзешэ кьхъухьым дунейпсо хъэрш станцым зыпищащ.

Абы уэгум ит космонавтхэмрэ астронавтымрэ яхуищащ гъэсныпхъэхэр, псы, кислород, ерыскъы, хадэхэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр, апхуэдэу ильэсыщІэ тыгъэхэр. Уэгум щылажьэхэм Іэмал яІэнущ видеофильмыщІэхэми еплъыну.

ТкІиягъ хэлъу

УФ-м егъэджэнигъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Фурсенкэ Андрей дыгъуасэ жиІащ къэкІуэну гъэ еджэгъуэщІэм сабийхэр зэрыраГъэджэну гъэлъхьэр убзыхуным и Іуэхур зэрызэфІэкІар.

А лэжьыгъэм хашащ академиеу тІум я лэжьакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Министрым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, зэпеуэм хэта тхылъхэм я Іыхьэ щанэр пхагъэкІакъым дагъуэхэр зэрыхуащІам кьыхэкІыу.

ЩІынальэхэр дунейпсо утыку йохьэ

УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министр Лавров Сергей хуэу Курск щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІынальэхэм яку дэлъ зэныщІэныгъэхэм зегъэужьыным, апхуэдэу ахэр дунейпсо утыку ихьэныкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Дэ ди щІынальэхэр езыхэр щхьэхуэ-щхьэхуэуи изгъэущІ къэралхэм ядэгъэжьфынущ. АбыкІэ дадэІэпыкъуну ди кьалэнщ. Арац мы зІущІэр щІыізэхуэтіщэсари, жиІащ Лавров Сергей.

Хьыджэбзхэм сыт я лажьэ?

Сомалим щадыгъуащ Испанием икІа хьыджэбзитІ.

Ахэр «Дохутырхэм гъунапкъэ ящІэркъым» дунейпсо эгъуэльыпІэм и лэжьакІуэщ, ЦІыхубзитІыр автомашинэм ирагъэри Іуащащ. Абыхэм я хъыбар ящІэркъым.

Фигу кьэдгъэкІыжьнщи, ильэс зыкъом хъуауэ Сомалим и Іуэхуэхэр хьэлъэщ. Абы лъэпкъ, гуп, зэгуэльнигъэ куэд щызэпэщІэтщ. Ауэ ядыгъуэ хьыджэбзхэм сыт я лажьэ?

Лъэпкъ Іуэхуэхэр

Щ Іымахуэр зэманым Байкал и мылыр яугъэзнурэ; блэзжьей щощэ щІыхуищ бжыгъэхэр.

Абы щыгъуэми гъэ кІэс автомобиль 40-м нэс мылым пхоху, мыл пыкъутыкІам щІыху куэд кьытоІэ. Бдзэжьеящэхэр сакъын зэрыхуейм егупсысхэркьым. Абыхэм кьагуроІуэ гузэвэгъуэ кьалысмэ, фІэкІыпІэ имыІэу кьызэрырагъэлынур, ар къэралым и кьалэнуи кьалытэ. Иджы властхэм бдзэжьеящэхэм зэрапэщІэтыну Іэмал кьагъуэта хуэдэщ. Флот щІыкІу кьызэрагъэпэщащ и катерхэм мылхэр якьутэ, гуэлым щІыхуэхэр темыхьэфын хуэдэу.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ **Урысей Федерацэм и къегъэлакІуэм и махуэщ (1995).**

◆ Мы махуэм (1979) Афганистан Демократие Республикэм и лъэІуКІэ а къэралым и щІыналъэм ирапащэу щытащ советыдзэхэм ящыщ зауэлІ гуп пыухыкІа. Илъэсэ 10 иримыкъум Афганистаным щыІащ совет дзэ кьулыкъущІэхэу мелуаным щІигъу. Я интернационал кьалэныр ягъэзащІэу сэлэту, офицеру мин 15 хэкІуэдащ.

◆КНДР-м щагъэлъапІэ Конституцэм и махуэр.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) СССР-м паспорт хабзэр щагъуэваш.

◆ Илъэс 95-рэ и пэкІэ (1912 гъэм дыгъэгъазэм и 27 - 31-хэм) Петербург щекІуэкІащ Сабий дохутырхэм я яп урысейпсо съездыр.

◆ 1945 гъэм кьызэрагъэпэщащ Дунейпсо валютэ фондымрэ (МВФ) Реконструкцэмрэ зыужьынигъэмрэ я дунейпсо банкымрэ (МБРР).

◆ Литературэ критик, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ХьэкІущІэ Андрей кьыщалъхуа махуэщ (1929).

◆ СССР-м, РСФСР-м самбэ, дзюдо бэнжкІэхэмкІэ щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, педагог щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик Къуэблэ Ёкъуф щыщалъхуа махуэщ (1939).

◆Актер, КъШР-м щыІэ зиІэ и артист Къэжэр Борис кьыщалъхуа махуэщ (1947).

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-р дакьикъ 42-м, кьуэхьжьнуи сыхьэт 16-р дакьикъ 35-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-р дакьикъ 53-р.**

ПІалюпэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуэщ Іэ

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Сыт хуэдэ щІыкІэкІэ зэрызэдэлажьэнур?

Илъэсщ1э дызыхуэкІуэр урысейхэм ди деж къуенкІыным. Ар икІи хуабжьу дызыгъэгупсысщ. Сыт Президентыщ1эм къэралым къыхуихьынур? Илъэси 8 дэкІа нужь. Путин Владимир премьер къулыкъум сыт хуэдэ щ1ыкІэкІэ теувэжынур? 2008 гъэм политикэ зэрыхъэрийм- дыхъэхуэнур п1эр? Ущ1э хэр куэд мэхъу.

НАІУЭУ зэрящ1ытщ1, «Зыуэ щ1ыт Урысейм» Медведев Дмитрий УФ-м и Президентым и кандидату игъэлъагъуащ. Абы кьыпэщ1ытнухэр дыгъэгъазэм и 23-м бел1джьы хъуащ. Кулыкъу нэхъыщ1хэм щ1эбэныну мурад ящ1ащ Жириновский Владимир, Зюганов Геннадий, Касьянов Михаил, Немцов Борис сымэ. Зэпеуэм хэтын идакъым Явлинский Григорий. Каспаров Гарри жэрдэмщ1акІуэ гупым и з1эщ1э зэхуищ1эсыфакьым.

Арщ1ьхэкІэ, хэт зыкьыгъэлъагъуами, зыми и Іуэ хуэкъикІыну къыщ1экІынукъым. Илъэсыр зы махуэкІэ щ1ынэхь кІыхьа 1996, 2000, 2004 гъэм хуэдэу, 2008 гъэм власткІ ныгъэ къыщ1эрагъэпэщ1 хуэдэщ1 езы вагъуэхэм.

«Зюгановымрэ Жириновскэмрэ етІуанэ-ещанэ увыпІэхэр зэкуагъэшынущ, - хуелъэфащэ нэмыщ1 политологэ щ1ыпІуэ Рар А. - Абы щ1ыгъэми, Медведев Дмитрий кьыз1эрагъэпэгъуар Къухъэпім и гуапэщ1. Кьулыкъу нэхъыщ1хэр зыпТыысІкІынэ хъуну щыта адрейхэр КГБ-м, блэкІа совет лъхьэхъэнэ епхауэ къаІыпТэрт».

Ауэ псом нэхърэ нэхъыщ1хьэр идкьыреЙ президентыр Медведев Дмитрий и лъэныкъуэу зэрыщ1ытырщ1. Абы и закъуэкьым: илъэс 42-рэ зи ныбжь яп1э вице-премьерым Путин Владимир хунГъэлъэгъуащ премьер-министру увыну.

Гугъуехьхэр къапоп1ъэ

«Ар гугъуу кьыщ1экІынущ: къэралым и Іэтащ1ахьэу ущ1тауэ, абы етІуанэу ущ1ыщ1ащ1ыжыну», - жиІащ 3й гугъу тщ1ы Іуэхум теухуауэ Москваръ Урысей псомрэ я патриар х Алексий ЕтІуанэм. ИкІи щ1игъужащ: «Ауэ сыт хуэдэу щ1ымытами, а гугъуехьым ебэкъуэн хуейщ.

Уебакъуэ къудейкІэ зэрІэкІыркъым. Нэхъ зыгьгъэгупсыси щ1ы1щ - хэт къэралым и унафэщ1у щ1ытынур? Конституцием ипкъ иткІэ, зэфІэкІыщ1хуэ дыдэ зи1эну Президент Медведев Дмитрий (ар хуитынущ щ1ыхуей дыдэм и деж Правительствэм и Унафэщ1ыр и кьулыкъум тригъэкІынну) хьэмэрэ къэралым пщІэ ин щ1ызнІэ Путин Владимир?

«УФ-м и Конституцием ипкъ иткІэ, Президентымрэ Премьерымрэ зэи зэхуэдэнукьым. Совет зэман Іьандэрэ зыми зихъэхуэжакьым. Абы щ1ыгъуэ правительствэхэм я Іэтащ1ахьэм экономикэм и щ1ытыкІэмкІэ жэуап яхьырт. Іуэ хуэхэр щ1агъуэу щ1ымытмэ, зэрахъуэкІырт, - къинжьыжьыну, Путин Владимир президентым лъэныкъынитІ- щ1ихуэ щ1ИэкъыМ, власткІ зыбгъэдэлъхьэ правительствэм и унафэщ1ырщ1 - канцлерыщ1, Аруэ Урысейр абы хуэбГьэкІуэн папщІэ, къэралым и хабзэхэр, Конституцэр щ1эрыщ1Іэу зэхэлъхьэжын хуейщ1. Путиным жиІакІэщ1 Урысейм президент лъэкІынынГъэнщ1э иІэну зэрыхуэмейр. «Сэ премьер-министр кьулыкъур зесхьэну сыхьхьэзырщ президентымрэ правительствэм и унафэщ1ымрэ я хуитынынГъэхэр зэрыщ1ыту къэгъэнэжауэ».

А псори зэпэплъитмэ, Урысейр президент республикэу къэнэжынущ. Путин Владимир президент кьулыкъым зэрыуэжьыфынущ 2012 гъэм е нэхъапІуэкІэ. Дауи, щ1ихьэусыгъуэ зыбжанэхэм кьыхэкІыну, Медведев Дмитрий и кьулыкъым нэхъ пасэу текІмэ. Абы щ1ыгъуэ премьер-министрым президентым и кьалэнхэр ящ1ыгъэ зэхуэдэ щ1едзэ зи мычэзу президент хэхьиныгъэхэр кьэсхьу.

ЗэрыгурыІуэгъэущ1, зэкІэ гугъуу президент пьагаІэм кьыхьхьэ Путин Владимир экономикэ Іуэху пыуХыкІаХэр зэфІэгъэкІынымкІэ ехьэлІа лэжьыгъэм зэрызыритыну щ1ыкІэр уи нэгу кьыщ1эбГьэуэвэну. Комиссэ гуэрхэм я зэІущ1эхэм хэсыну, заводхэм, фермэхэм кІуэну, б1ыкамий зэпыудахэм папщІэ жэуап ихьыну. Ауэ мыбдежмэ кэкІыпІэ щ1ыІэщ. Іэхум куууэ хэзыщ1ыкІ вице-премьеру щ1ы къудей уиІэмэ, лэжьыгъэр зэфІэкІынущ. Премьер-министрым хэщІапІэ щ1ептхьунущ Кремль дыдэми. Хабзэм ар къ1эзгъ.

Президенту щ1ытхэм къэралым кьулыкъукІэ етІуанэ увыпІэр щ1ынубай тхыдэ мыжыжьхэм нэхъапэмк кьыхьхьащ1 - Сербием - Косуттуницэ, Литвам - Бразаускас.

Гъэунэхунытгъэхэр

Кьэкіуэнур зыхуэдэнур кІэтыпІапІакІуэкэм зэхуэмыдэу ялъагъу. Зыгуэрхэм жаІэ уасхэр дзуеину, энергетикэмрэ ЖКХ-мрэ я Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ гъапІэ хъуну. Центрымрэ щ1ынатІэхэмрэ зэщ1ыІеину хуэзыгъэфащ1эхэри щ1ы1эщ. Президентыщ1эм щ1эрящ1эу зэтриухуэн хуейщ щ1ынатІэ Іэащ1ахьэм хэт ящ1ынІэну зэхуэдэнущ1ыхьэхэр.

«Властыр зэІэпахынущ зэпІэзэрыту - экономикэм ахъшэшхэуэ хэлъщ, Стабфондым и «щхьэнтэр- ящ1эдзащ, - жиІэ Политикэ информационнэ ІэмкІэ центрым и унафэщ1 Мухин А. - Кремлыр щ1ыпІэнэрхьэм нэгъуэщ1 къэралхэм къытракъуэзэным. Іуэху зыкьом мы зэманым зэфІэгъэкІ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Польшэм дыгуроІуэ», - Ауэ Курскым щ1ыпІыпІэм и 5-м щ1ыкІуэкІынну президент хэхьиныгъэхэм Саакашвили Михаил щ1ытекІуэмэ, Урысейм аргуэру кьаугъэ кІрищ1ыкІэнкІэ хъынущ. «Дунейм и нэгъуэщ1 щ1ыпІэхэмэ узыгъэпеитеин щ1ы1эщ. Иранымэ зауэ иращ1ыпІэнкІэ, СНГ-м и къэралхэмкІэ НАТО-мэрагъэубГьункІэ хъунущ, - хуегъэфащ1э журналист, политик Лукьянов Ф. - Косовэ з щ1ыщ1ытынущ. Зыгуэркъэм ар хамэ унафэ щ1эмыту къалыпІэнущ, адрейхэм ар ядэнукьым».

Деп1ъэкІыжьынти...

Ди жагъуэ зэрыхъунщ1э, Урысейм и тхыдэм хэтщ1эгъуэзу унафэ ящ1ынырэ» кьыщ1этещэ хан. Сталиныр ІІа ижь, къэрал унафэр зэрахьащ1 Маленков, Булганин, Хрущев сымэ. Абы щ1ыгъуэми, Маленков и унафэщ1этащ1 кІэрахъуэкІэ ІэнатІэхэрт (ар Сталиным и тетыгъуэр зыТыысІкІын хуейуэ кьалъытэрт), Булганиным - къэрал Іуэхущ1апІэхэм, Хрущев партлъэхыгъэм я нэІэ тетт.

Апхуэдэу хъунутэкьым. Къаутэ я нэхъхьэр сохет Іэмал зэсэжакІэ зэфІэхаащ: маршал Жуковыр зыкьуэта Хрущев 1957 гъэм сэтей кьищ1ащ Маленков - Каганович - Молотов зи пашэ, «партым и бий гупыр». Я насыпти, ящ1ащ1ыжьынкІэ: Маленков Усть-Каменногорск яГъэкІуащ гидроэлектростанцым и Іэтащ1ахьэу, Молотовым лъагъэсащ1 СССР-м и ІыкІуэу Монголием щ1ы1эм и кьулыкъур, Каганович Урал калий комбинатым и унафэщ1 хуащ1. Езы маршал Жуковри мыгувэу трахуащ. «Зэгъуэгу унафэ щ1ащ1ыну» - пІалъэр нухащ. Хрущев и культым зи1эту щ1идзащ.

* * *

Ауэ иджы дыщ1ыгуръ хъунущ Путинымрэ Медведевымрэ зэпэщ1эмыуэвэным. Ахэр зы гуп зэкъуэтым хэту зэдэлэжьэну кьащ1экІынущ. Ауэ сыт и сэбэп зы хэлъхэр псом яп1э игъэщ1ынкІэ. Щ1ыгъэщ1ын хахуэу ятеуэрт бийм Іэщ1эхэр щ1агъэтІылъ щ1ынІэхэм, зэрыпхъуаІэкІуэхэр щ1ыжьКІуэ гъуэгуэхэм лагъыжьэр щ1алъхьэрт.

Илъэс 65-рэ и пэкІэ кьуажэм и щ1эхурылажь1 ныбжьыщ1Э 14-м ящ1ыщ1 зыбжанэ фашистэм я1эрыхьащ1 икІи яубыдахэм гущ1эгъэ ящ1ыхь хуащ1ахъым. Щ1эхурылажь1э щ1алэгъуалэ зэгуэхьэныгъэм и унафэщ1 Скоков Александр, класс нэхъыжьхэм щ1еджу Напханюк Кузьма, Обмачевский Василий сымэ щхьэпІытуэ ящ1ащ. Хэку зауэшхуэр ирихь ижь. Скоковым Совет Союзым и ІыкІуэ щ1эр фІащащ, адрейхэм Хэкум и дамыгъэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ.

Ныбжьыщ1э хахуэхэм я фэепІь сымым уда гъэІэгъэхэр бгьэдалъхьащ1 лъэпкъ куэд щ1ыпсэу Кавказ Ищхъэрэм и щ1ыналъэ псомк я ІыкІуэхэм.

СТЯЖКИН Николай.
«Северный Кавказ».

КъуэкІыпІэ Гъунэгъум теухуа дунейпсо конференцыр нухащ. Ар зэхуагъэсыным, псом хуэмыдуэ, кьаруушуэ езыхьэлІар американкэхэри. АтІэ ар сэбэн хуэхъуну пІэр щ1ынатІэм щ1ытыкІэ ткІиІр кьыщ1ыгІэсхьэным? Абы утепсэлъыхьыну иджыри пасэщ. Ауэ ящ1э хъунущ Израильмрэ Палестинэмрэ мамыр зэпсэльэныгъэхэм я телъхьэу кьыз1эрыувар.

ЩІЫКІЭ ЛУХЬЭЖЭДЖ.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар

● Іуэху еп1ъыкІэ

● Нэхъыжьхэр

«Си ужьыр махуэ фхухъу»

Декан нэхъ цІэрыІуэ дыдэр и къулыкъум токІ

Москва къэрал университетым журналистикэмкІэ и факультетым и декан Засурский Ясен жиІащ и кьулыкъум зэрыТекІыр. Ар дэпэкІэ факультетым и президенту (иджы дыдэ кьызэрагъэпэщ1а кьулыкъу) щ1ытынущ. Мы зэманым деканым и кьалэнхэр егъэзащ1э езым и кьуэдзэу щ1ыта Вартановэ Еленэ. Факультетым и советым дилыгащ Засурскэм кьыхилъхьа а Іуэхугуэр.

- ДЯПЭКІЭ кІэ зимыІэ тхьилъымпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм Іэ щІэздзын хуей хьужыну кьым, - мэгушІы» «зызыхьуэжа» Засурскэр. - Деканыгъэр кьэзэгъанэмэ, нэхъыфІу дегупсысащ сэр реформыр». Унафэщ1 лэжьигъэми зы пІалъэ гуэр иІэщ, сэ си ныбжьыр илъэс 78-рэ мэхьу. Ауэ сэ факультетыр зБгынэркьым. Президенту сыщ1ыткІэрэ, си пщэ кьыдэхуэну кьалэнхэр зэІубэкьым, ауэ си гугъэщ сэ зэрыгаръаджэм и фІагъым сыкІэльыпІынуну дзыкъ кьыс хуащІыну. Апхуэдэу факультетым зегъэужьыным, абы нэгъуэщ1 кьэралхэм яхуиІэ пыщІэныгъэхэм зегъэубгъуным ехьэлІа Іуэхухэр зесхуэнущ.

Деканым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ, а кьулыкъур зытысыну кьалъытэ Вартановэ Еленэ теухуауэ Засурскэм жеІэ: «Еленэ сэ си ансаранткэу щытащ. Ар илъэсиблКІэ лэжьащ щІэныгъэ ІуэхуэмкІэ си къуэдзэу. Псоми пщІэ кьыхуащІри, арагъэнущ хахьынри».

Илъэс 42-кІэ журфакым и унафэщ1у щ1ыта цІых у цІэрыІуэр и кьулыкъым зэрытекІым ст дентэкІэ игъэгужьеящ нэгъуэщ1 лъэныкъуэкІэ кьрашу зыгуэр декану ягъэувынкІэ зэрыхьунум. ИтІанэ факультетым и политикэм кьанэ щ1ымыІэу зихьуэжынущ. Абы щ1ыгъуэми, 1965 гъэм декан хьуа Засурскэм и фІыгъэщ1 пар т журналистхэр мыхьуу, зи Іуэху еп1ъыкІэ зиІэж Іэщ1агъэлІхэр зыгъэхьэзыр Іуэхущ1апІэ ар зэрыхьуар.

Нэхъапэрей властым ар игу тригъэхуэн хуей хьуащ, ауэ иджыпІер абыкІэ арэзыкьым. Абы и щ1ыхьэтщ1 жэпуэгъуэм университетым телевиденэмкІэ и факультет щхьэхуэ кьызэрыщ1эрагъэпэщ1ащ - журфакым зыхуэдэ щ1ы1эу и унафэщ1 хъуащ «Московские новости» газетым и редактор нэхъыщхьэ Третяков Виталий. Егъэджакіуэхэм яГъэхьыбару щ1адзащ факультетитІыр зэуэгъэжьэу, Третяков деканку зэрыгъэзащ1э мурад тетгъэи. ИІэу. Иджыпір щ1эрыІуэщ1 правительствэм сыт щ1ыгъуэ икІи сыт и щ1ыпхьэкІэ ящ1ыщ1ыкІэ. Абы лъабжьэ гуэр иІэ хуэдэт: Третяков редактор кьулыкъум текІащ икІи нэгъуэщ1 лэжьапІэ пщ1эну кьэзыгъэщ.

Засурскэр факультетышІэм и деканку яГъэувам щ1ытхъуакъым: «Дэ кьыщ1эдгъэкІащ ар. Сэ хуабжьу сызыпэмыплъа Іуэхущ ар апхуэдизу кьулыкъукІэ зэрыщ1ыкІуэр. Арщхьэкіэ жеІэ зи гугъу тщІы факультетыщІэр кьызэрызэІуахэм ижь гуэрри езыр и кьулыкъум зэрытекІым кьщ1имыхуауэ. Ауэ щІегъэж Вартановэм фІэкІа факультетым нэгъуэщ1 зэи зэрыпхимыгъэкІынур».

Пэжщ, факультетым щ1ыщхьэм яГъэхьыбар Засурскэм ерджапІэ кьудаэм и президенту кьыщІагъэльэгъуар журфакыр зыми и бжьым щ1эмыхуэу кьагъэнэжьын мурадым хуэгъэзауэ.

Вартановэ Еленэ кьитГъэгугъащ журфакым кьыдекІыжьэ1 хабзэ хэр имыгъэкІуэдыжьынкІэ. «Пэжыр зэрыз1ещ1ыр, - жиІащ Еленэ. - Ди факультетыр сыт щ1ыгъуи хэтащ политикэ гъащІэм и уэрыпІэм. Журфакыр сыт хуэдэ щ1ытхьэ ирихьыну щ1ытынукьым. Абы игъэхьэзырынущ зи гупсысэхэр хуиту кьэзыІуэтэф журналистхэр».

КОСТЮЧЕНКЭ Еленэ. *«Новая газета».*

Зы хьэрал щ1ы1экъым и лІыщхьэр ямыхьумэу. Абы щхьэкІэ къэмынэу, лІыщхьэхэм куэд йощ1акІуэ яуклым мурадкІэ. Мымащ1эу кьохьу апхуэдэ «щ1акІуэхэм» я мурадкэр къащхьэхъуІи. Къащтэмэ, 1865 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам, 1881 гъэм - Артур Честер, 1901 гъэм - Кинзи Уильям, 1920 гъэм - Гардинг Уоррен, 1963 гъэм - Кеннеди Джон яуклащ. Апхуэдэу дуейм щ1ынэхъ щ1эрыІуэхэм ящ1ынущ 1984 гъэм езым и хъумакІуэм Іэщ1экІуэдащ Ганди Индирэ. Индием и премьер-министру щ1ытар. 1995 гъэм Израильм и премьер-министр Рабин Ицхак бзаджащ1эхэм яуклащ. Апхуэдэ щапхъэхэр зэхуэмыдэ.

МЫЗЭ-МЫТІЭУ яуклыну хэтащ нэгъуэщ1 къэрал лІыщхьэ куэди, Ленинри Сталинри хэтыжу. 1953 гъэм Хрущев Никитэ СССР-м и лІыщхьэ хъуащ. Абы Сталин Иосиф кьызэрыкиъуэкьуэ куржыхэм я гум техуэрт зэкъым. 1960 гъэм дыгъэгъазэм КПСС-м и ЦК-м и Іпэ секретарыр Курржым кІуэн хуейт. Сурэтыщ1-скульптор Мдинрадзе Акакий мурад ящ1ащ къэрал лІыщхьэр Тбилиси щ1ыкІыну. Абы щагъыр зрагъахъуэу кьхъущын дахэ игъэхьэзыращ, и пьабжьэм динамит щ1эпІу. Щагъыр ирит хуэдэу, ар Хрущев Іэщ1ильхьэну кьэщ1эІыкІынт. Ауэ Акакий и ныбжьэгъуэхэм ящ1ыщ гуэр кьепцІыжащ. Мдинрадзе и мурадыр КГБ-м щ1ИуэтэжащІ. Хрущев кьелащ, Мдинрадзе Акакий игъэтІылащ. Брежнев Леонид власткІ Іэрыхьэ нэхъыб, ар кьрагъэУІ1ащ1ыжащ. Мдинрадзе и мурадыр КГБ-м щ1ИуэтэжащІ. Хрущев кьелащ, Мдинрадзе Акакий игъэтІылащ. Брежнев Леонид власткІ Іэрыхьэ нэхъыб, ар кьрагъэУІ1ащ1ыжащ. Ахэр Левокум куейм щ1ыщ Волочаевское кьуаджэм щ1ыщт. Абыхэм яхэтт еджапІэ кьаухьыну хуитэмысащ1эри. Ныбжьыщ1Іэхэр хахуэу ятеуэрт бийм Іэщ1эхэр щ1агъэтІылъ щ1ынІэхэм, зэрыпхъуаІэкІуэхэр щ1ыжьКІуэ гъуэгуэхэм лагъыжьэр щ1алъхьэрт.

Илъэс 65-рэ и пэкІэ кьуажэм и щ1эхурылажь1 ныбжьыщ1Э 14-м ящ1ыщ1 зыбжанэ фашистэм я1эрыхьащ1 икІи яубыдахэм гущ1эгъэ ящ1ыхь хуащ1ахъым. Щ1эхурылажь1э щ1алэгъуалэ зэгуэхьэныгъэм и унафэщ1 Скоков Александр, класс нэхъыжьхэм щ1еджу Напханюк Кузьма, Обмачевский Василий сымэ щхьэпІытуэ ящ1ащ. Хэку зауэшхуэр ирихь ижь. Скоковым Совет Союзым и ІыкІуэ щ1эр фІащащ, адрейхэм Хэкум и дамыгъэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ.

Ныбжьыщ1э хахуэхэм я фэепІь сымым уда гъэІэгъэхэр бгьэдалъхьащ1 лъэпкъ куэд щ1ыпсэу Кавказ Ищхъэрэм и щ1ыналъэ псомк я ІыкІуэхэм.

СТЯЖКИН Николай.
«Северный Кавказ».

● Щэнхабзэ



Урысей тхакІуэщхуэ, зэдзэкІакІуэ цІэрыІуэ Пастернак Борис Нобель и премиер зыхьыжьа. Ар ящ1у кьыщ1адзкІа къратыну зэрагъэлъагъуащ 1946 - 1950 гъэхэм. Абы щ1ыгъуэм «Доктор Живаго» романыр цІэрыІуэ тхын нухатэкьым. Ар ящ1у кьыщ1адзкІар Милан и «Фельтринелли» тхьыль тедзапІэрэ. ИужькІэ Нобель комитетым хэтхэм 1958 гъэм зэдзэрэзыІуэ а саугъэт лъапІэр тхакІуэм кьыхуагъэфащ1ащ. Италием хуабжьу щагъэлъапІэ а романыр дуейм кьызэрытеуэрэ нльэс 50 зэрырикъур. Абы ехьэлІа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр Милан щ1ыкІуэ.

● Хъумакіуэхэр

ЛІыщхьэхэм ещакІуэрт

Іуэхуэ и гъащІэр ихьащ.

1969 гъэм и жэпуэгъуэм космосым кьыкІыжат космонавтхэу Елисеевымрэ Шаталовымрэ. КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ Брежнев Леонид мурад ящІат езыр абыхэм Внуковэ аэропортым щ1ая1ущ1эну. Абы и гъусэу кІуащ космонавт Леонов Алексей. Машинэ зыбжанэ зэкІэлъэхьэужу Кремлым щ1ыдзэльадзэм, яп1э итым кьыкІэлъыкІуэм кІэрахъуэтІкІэ щ1эуэ ягъэ ирухьу милицэ щ1ыгъэнкІэ хуэпІ ІІыр ещ1ащ. Щ1э 14 зытехуа автомашинэр занщІэу кьэувыращ. КГБ-м и полковникыр уІэгъэ хъуащ, шоферыр ирукІащ. Леонович ипэ техуэ пэтащ. Апхуэдэу зыщІар Санкт-Петербург щ1ыщ Ильин Викторщ. Абы куэд щІауэ зигъэхьэзырырт Брежневыр ирукІыну. Дзэ часть гуэрым кІэрахъуитІ кьащ1ыдыгъуащ, милицэм хэт и адэ хьэушым и фащэр кьыІыпхащ, Москва къажІэри, Кремлым тыншу дыхьащ. Ауэ, насыпи иІэти, Брежневыр зэрысар ещанэ автомобилырщ. Ильин илъэс 20-кІэ щ1ы1эгъащ зи акъылыр зэІыкъуэкІ щагъэхъуэж сымаджэщым. Иджы щ1ы1ъуэ кьалэм щ1опсэу.

США-м и президент Рейган 1988 гъэм Москва къэкІуэн хуейт. Абы щ1ыгъуэ Латин Америкэм щ1ыщ журналистхэр хъыбар иГъэІуащ США-мк СССР-мк я Іэтащ1ахэр Москва щ1ачІыну зыгуэрхэр иужь ит хуэдэу. КГБ-м и лэжьакІуэхэм зыри къьхуэгъэуэтакъым, ауэ апхуэдэ псалъэр зыгуэрым щ1ы1ащ1ыну. Ильичэ ситІ дэкІаеу, 1990 гъэм Москва и Ут Плъыжьым гуфІэгъуэ парад щ1екІуэкІырт Октябрь революцым и щ1ыкъкІэ. Мавзолейм кьытеуват Политбюром хэтхэр, Горбачев Михаил я пашэу, Парадым щ1идза къудейуэ, ГУМ плъыжьымкІэ фоч уэ макъ кьИуІкІащ. Ар зыгъэуар Питер щ1ыщ Шмонов Александр. Абы и фочыпэр Секретарь нэхъыщхьэм ІыгъэІэтат, ауэ милицэм и сержант нэхъыжь Мыльников хунэсащ фочыпэр иубыдын икІи дригъэзэин.

Шмонов Александр куэд щІауэ игу ирихьыртэкъым Горбачев и Іуэхущ1афэхэр ихьыну Іэхъэшэрат ар иукІыну. Сом 900-кІэ ямыщ1 фоч зэгуэт хьэлэмэт кьищ1эхуат, псэущхьэ нэхъ инхэр кьызэрауКІ щ1эхэри зэригъэпэщ1ат. Пащ1э зытригъапщ1эщ, парик и щхьэм фІитыжьэкри, фочыр и бэлъто щІагъым щІэлъу Ут Плъыжьым кІуащ. Мавзолейм хуэзанщІэуи уваща.

Ауэ абы и мурадыр кьехьулІакъым. Нобэ Александр Санкт-Петербург и Іэгъэублагъым щопсэу.

Хабаровск щ1ы1э зауэ-хуэхакІуэ батальоным и командир, майор Кислов Иван игу тезуэрт1хьэм Ельцин Борис СССР-р зэриклъуэжар икІи кьилъытэрт апхуэдэ щІыхур псэун хуэмейуэ. Майорыр Хабаровск кьикІри, Москва къэкІуащ, бомбитІ кьиздзащ1эри. Ахэр я жьы зырызым иІыу кьыздрихьэкІырт, Ельцин Борис ещ1эу. И мурадыр къемыхъулІэуэрэ кьыздикІухьым, зэгъуэр уэшхыщхэм хиубыдащ. Бомбэхэри псыф хъуащ. Ахэр хъэуэжьнутэкъым. ИужькІэ Кислов сэ жан эзриГъэпэщащ. Ар иныГъыу Ельцин щыпсэу унэм и щ1ыхьэпІэм куэдрэ щ1ыпэплъащ, ауэ зэщ1акІуэр къыщ1экІакъым. Нэгъуэщ1 Іэмал щ1ымыгъэшІ, пхъэнкІакІуэ хуэдэу зихуэпэри, Кремлым дыхьащ, президент администрацэм и унащхьэми дэпщ1ещ, Ельцин нэужм щ1ыщ1ыхьэкІэ къелъэу сэкІэ ельджжам мурад иІэу. Абы хунэмыс президентыр зыхъумэжи ГъэІэтэри, къьубыдащ.

Майор Кислов Иван и акъылыр мытэмэну, зэІыхьауэ къалъытащ икІи яутІыпщ1ыжащ.

Горбачев Михаил ныкІыну хэта нэужь, щ1ы1эгъэуІэ институтым абы щ1ыхущІауэ щ1ытащ щ1э зыпхымыкІ афэ джанэ. Иджы апхуэдэ афэ джанэхэр къэрал куэдым я лІыщхьэхэм зыщатІагъэ, къеуэ з хъужькІыгъэм, щ1э пхымыкІын щхьэкІэ. Апхуэдэ щ1ы1эпэлъагъ грамм 900-м кьыщ1эдзауэ килограмми 3-рэ грамм 200-м нэс. Пэжщ, ар пщыгъыну тынш дыдэкъым, ауэ тІекІу кьоъэлъэкІыну, уи щхьэм хуэзаскІэну, нэхъыфІщ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

● Мыпъку

ЩІыхубэм ядэгуэшэн

Хъхьуэхэм яп1экІу налогыр (процент 15) зымытагъэм я щ1ыгъуэгъэ щ1агъэзекІуэжыну зэманыр сух. Псори тэмэму яГъэхьэзырат - дутэнэзри Хъэшэ хьуманІэ банкым кІуэу накомкІэ зытригъэжуа щ1ыхуэр нтыж хьунут - пІейтеннщэу жеин папщІэ.

ЗэкІэ налогыр кьыхьахьфар сом мелуан 610-рэщ - доллар мелуан 20-м щІигъ кьудейщ. Щ1ыху кьыз1эрыГуэкІэм я дежкІэ ар ахъшэшхуэщ, ауэ мелуаныр ящ1ыжэрэ мелардырыбжэу Урысейм нІэр зыхуэзидзым тепщ1ыхьмэ, жьгъей дыдэщ. Абы кьикІыр зыщ: нэхъ кьулей дыдэщ мы Іуэхум хэтакъым. Сыт щхьэкІэ?

Хуэбгъэфащэ зэрыхьунмкІэ, олигархэр шынащ. Мелуан куэд хъу налогэр яту щ1ытмэ, зэгъуэр щ1ыхуэщ1энущ: «Дэнэ абыхэм ахъхуэдэз ахъшэ кьызидрах?» Пэжщ, налог зытынхэм я шынагъуэншагъэр кьыз1эзыгъэпэщ1 хабзэ щхьэхуэ кьыдагъэкІауэ щ1ытащ. Аращ, кьулейкІэр шынагъ кьыщ1экІынукьым - езыхэм я зэхъуэхэмкІэ щ1ым дэгуэшэну уэзыгъэнкьым.

